ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№32 (24.002) ● 2020 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 19, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъур республикэм щыгъэлъэпІэнымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и зэІущІэ

КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм къыщыхъа ТекІуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэлъэпІэнымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и зэІущІэ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, КъБР-м къегъэщІылІа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, министерствэхэм, ведомствэхэм, муниципалитетхэм, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм, жылагъуэ, ветеран зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр.

ЗэІущІэм щыхэплащ юбилей гуфІэгъуэр къызэгъэпэщыным, ветеранхэм ядэІэпыкъуным пыщІа Іэхухэм. Республикэм и унафэщым къызэхуэсахэм хэхауэ гу лъаригъэтащ зауэлІхэм я къхащъхьэхэр, фэеплъхэр, обелискхэр зыхуей хэзгъэзэным. Абы жиІащ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъум зыхуэгъэзырыныкІэ лэжьыгъэхэр нагъэблагъэу зэрыхуежьар, ауэ къэнэжа Іэхухэм еужьэрэкІын зэрыхуейр.

Къэпсэлъахэм кьыхагъэщъхьэхуКІащ тхьдэм и пэжыр щІэзыуфэну хущІэкъуэхм тКІийуэ зэрапэщІэтыпхъэр. «Ди ветеранхэм шэч кьыщЫтрахьэн щыІэкъым ТекІуэныгъэм иригушхуэу щІэблэр зэрыдгъэсэнум, лІыхъужьыгъэ иныр тхьдэм кьыззэрыхэнэнум, нацизмэр зэтекъутэныкІэ ди Хэкум Іуэху нэхъыщхьэр зэрызэфІекІэр зэи зэрытщымыгъупщэнум», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ коронавирус уз зэрыщІалэм пэщІэтынымкІэ оперативнэ штабым и япэ зэІущІэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыщІалэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубгъум щыкІэлъплъынымкІэ оперативнэ штабым и япэ зэІущІэм республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек щыжиІащ: «Иджыпсту уз зэрыщІалэр къэмыгъэхъуным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр тэмэму йокІуэкІ икІи гужьеигъуэ щыІэкъым. Апхуэдэу щыт пэтми, дэ дытеплъэкъукІ хъунукъым ди республикэм и цІыхухэр а узым щыхъумэнымкІэ зэфІагъэкІхэм. Иджыпсту зэтеува щытыкІэр кьилъытэу, оперативнэ штабым зэщІэгъэжьауэ, зэгурыІуэу, жану лэжьэну и къалэнщ».

УЗ ЗЭРЫЩІАЛЭМ зыщыхъумэнымкІэ штабым хагъэхьащ КъБР-м и Правительствэм социальнэ ІэнатІэхэм пэрыт и лэжьакІуэхэр, кІэлъплъакІуэ, хабзэхъумэ органхэм я унафэщІхэр. Абыхэм ящыщу зэІущІэм кьыщыпсэлъахэу Роспотребнадзорым и унафэщІ **Пагуэ Жыраслъэнрэ** КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр **Кьалэбатэ Рустамрэ** зэрыжиІамкІэ, республикэм щыщу зыми коронавирус уз зэрыщІалэр кьеузэлакъым, ауэ апхуэдэ сымаджкэхэр кьыкъуэкІмэ, медицинэ Іуэхущ1ап1эхэр абыхэм зэрел1эзэнym хуэхьэзырц.

ЗэІущІэм щыжиІахэм ятІонэрэ зыбжанэ кьащтащ. Адэ-анэхэр мы Іуэхум зэрытегузэвыхьым кьыхэкІыу ІэатхэпІэм и 17-м щегъэжьауэ курыт еджапІэхэмрэ сабий садхэмрэ цІыкІухэр мыкІуэми хъуну агъэуващ. Апхуэдэу щыщу зыми коронавирус уз зэрыщІалэр кьеузэлакъым, ауэ апхуэдэ сымаджкэхэр кьыкъуэкІмэ, медицинэ Іуэхущ1ап1эхэр абыхэм зэрел1эзэнym хуэхьэзырц.

ЗэІущІэм щыжиІахэм ятІонэрэ зыбжанэ кьащтащ. Адэ-анэхэр мы Іуэхум зэрытегузэвыхьым кьыхэкІыу ІэатхэпІэм и 17-м щегъэжьауэ курыт еджапІэхэмрэ сабий садхэмрэ цІыкІухэр мыкІуэми хъуну агъэуващ. Апхуэдэу щыщу зыми коронавирус уз зэрыщІалэр кьеузэлакъым, ауэ апхуэдэ сымаджкэхэр кьыкъуэкІмэ, медицинэ Іуэхущ1ап1эхэр абыхэм зэрел1эзэнym хуэхьэзырц.

Зэ1ущ1эм щыжиІахэм ятІонэрэ зыбжанэ кьащтащ. Адэ-анэхэр мы Іуэхум зэрытегузэвыхьым кьыхэкІыу ІэатхэпІэм и 17-м щегъэжьауэ курыт еджапІэхэмрэ сабий садхэмрэ цІыкІухэр мыкІуэми хъуну агъэуващ. Апхуэдэу щыщу зыми коронавирус уз зэрыщІалэр кьеузэлакъым, ауэ апхуэдэ сымаджкэхэр кьыкъуэкІмэ, медицинэ Іуэхущ1ап1эхэр абыхэм зэрел1эзэнym хуэхьэзырц.

Зэ1ущ1эм щыжиІахэм ятІонэрэ зыбжанэ кьащтащ. Адэ-анэхэр мы Іуэхум зэрытегузэвыхьым кьыхэкІыу ІэатхэпІэм и 17-м щегъэжьауэ курыт еджапІэхэмрэ сабий садхэмрэ цІыкІухэр мыкІуэми хъуну агъэуващ. Апхуэдэу щыщу зыми коронавирус уз зэрыщІалэр кьеузэлакъым, ауэ апхуэдэ сымаджкэхэр кьыкъуэкІмэ, медицинэ Іуэхущ1ап1эхэр абыхэм зэрел1эзэнym хуэхьэзырц.

ЗэІущІэм щыжиІахэм ятІонэрэ зыбжанэ кьащтащ. Адэ-анэхэр мы Іуэхум зэрытегузэвыхьым кьыхэкІыу ІэатхэпІэм и 17-м щегъэжьауэ курыт еджапІэхэмрэ сабий садхэмрэ цІыкІухэр мыкІуэми хъуну агъэуващ. Апхуэдэу щыщу зыми коронавирус уз зэрыщІалэр кьеузэлакъым, ауэ апхуэдэ сымаджкэхэр кьыкъуэкІмэ, медицинэ Іуэхущ1ап1эхэр абыхэм зэрел1эзэнym хуэхьэзырц.

Зэ1ущ1э

● ЩIэныгъэ

Еджэныр пIалъэкIэ зэрекIуэкIыну щIыкIэр

УФ-м ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ къыдигъэкIа «Урысей Федерацэм коронавирусым зыщрамыгъэубгъын папщIэ, УФ-м ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэт Iуэхущ1ап1эхэм я лэжьакIэнум теухуауэ» унафэм ипкъ иткIа, Бэрбэч Хьэтl ыгъ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым администрацэм нэхъ тэмэму къилъытащ абы и студентхэр 2020 гъэм и гъатхэпэм и 16-м щIыгъуэ зэрыдэлъ еджап1эм пыIудзауэ (дистанционнэу) еджэмэ.

УНИВЕРСИТЕТЫМ къыщыхэрагъэпэщащ Iуэхур къызыхуэтыншэу, санитар хабзэхэм тету зэфIэха хъуным хуэлэжьэну штаб, еджап1эм и ректор Альтуд Юрий и пашэу.

- Еджап1э нэхъыщхьэм къыщыхэгъэпэщащ хъыбарегъащIэ Iэнатlэфl, КъБКъУ-м и сайтыр, онлайн-егъэджэныгъэ, «Антиплагиат» Iэмалхэр, тестхэр пIэщIэу гъэзэщIэныр, электрон библиотекэр къызэщIиубыдэу. 2019 гъэм къыщыщIэдзауэ университетым щокIуэкI цIыху куэд къызэщIэзыубыдэ онлайн-курс зэIуахэр. Мы зэманым апхуэдэ курсхэм ящыщу блыр мэлажьэ. Апхуэдэу КъБКъУ-р Интернетым и Iэмалхэмкlэ япыщIащ икIи шэщIауэ ядолажьэ хъуарэм и еджап1э нэхъыщхьэу 10-м щIигъум. Абыхэм ящыщщ Пономоровым и цIэр зезыхьэ МКъУ-р, Санкт-Петербург къэрал университетыр, Томск къэрал университетыр, нэгъуэщIхэри, - Iуэхуг1уэщIэм ехьэлIауэ къыщыщIэсыжьам жиIащ КъБКъУ-м егъэджэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректор Лесев Вадим.

Къищынэмыщ1ауэ, Интернетым и Iэмалхэмкlэ зэфIэха хъуэу щыт егъэджэныгъэ программэхэм къриубыдэу, КъБКъУ-м зэгурыIуэныгъэхэр ящыхьIащ а Iуэху зехьэкIэр къыщагъэсэбэп еджап1э нэхъыщхьэху Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ, Дагъыстэн, Грознэ къэлэмдэт щIыдагъэ-техникэ, Осетие Ищхъэрэ, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетэхэм.

КъБКъУ-м мы махуэхэм щекIуэкI онлайн-егъэджэныгъэм хеубыдэ «Университет зэIуха» Iэнатlэр. ЕгъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ зэпэщIэщIэу зэдзлэжьэфынэу абы Iэмал къарет. Ар къагъэсэбэпкIэрэ, лъэныкъуитIри хэтщ тестхэр, къызэрапщытэ нэгъуэщI лэжьыгъэхэр, лекцыхэр, къинэмыщI Iуэхухэр къызэщIэзыубыдэ егъэджэныгъэ Iуэхум.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Хэкулl, зауэлl, егъэджакIуэ

Зеикъуэ (Хьэтlохъущыкъуей Ипщэ) къуажэ дэт курыт еджап1э №92-м иджыблагъэ щызэхэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, гъэсакIуэ, ущиякIуэ, адыгэлI щыпкъэ Шафий Хьэчим и фэеплъ пшыхь.

КъыIэралъхурэ мы махуэхэм илъэси 100 ирикъу Шафийр и Iыхьлыхэми, къуажэдэсхэми, кIыдзлажьэу щытахэми, иригъаджахэми ягу къыщIагъэкIыжьын щхьэусыгъуэ дахэ куэд щыIэщ. Сабийр игъасэу, иущийуэ зэрыщытам и мызакъуэу, адыгагъэшхэр зэрихьэу, щIэми жьыми ядэгъэзыгурыкIуэфу псэуащ, кIыхэзныкъуэм ялъэIэсу, и псалъэ Iущхэмкlэ щхьэпэ яхуэхъуу, и щIэныгъэмкlэ ядэгуашэу дунейм тетащ ар.

Шафий Хьэчим и цIэр зыфIащыжьа еджап1эм щызэхэта фэеплъ пшыхьым къурихьэлIат Бахъсэн щIынальэм и Iэтащхьэм и япэ хъущхьэ Къэзан Заур, егъэджэныгъэмкlэ Iуэхущ1ап1эм и унафэщI Абрэдж Тамарэ, Зеикъуэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къэрмокъуэ Гъумар, щIыналъэм и курыт еджап1эхэм я унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр, къуажэдэсхэр.

- Тхьэм къритауэ сэнаущыгъэ (зэфIэкI) ин зыхэлъ цIыхут Шафийр, и дэтхэнэ жьыми малъхъэдисым хуэдэу узыIэпэшащэт. И псалъэкIэр зэ зэхэзыхам, и гупсысэхэр зэрызэкIэлъыгъаныгъэр зи нэгу щIэкIам гу лъамытэнкIэ Iэмал имыIэу Шафийр куэд еджат, зэхэщIыкIышхэу иIэт. Ар жант, набдзэгубдзаплъэт, къэмылэнджэжт, зи щхьэрэ зигурэ хуит цIыхут. ГъащIэм куэдрэ игъэунэхуами, зэи лъэрыщIыкI зригъэщIакъым, къыхиха гъэгурэм занщIэу ирикIуащ, сыт щыгъуи адыгагъэмрэ цIыхугъэмрэ ипэ иригъэщащ, - ягу къагъэкIыжьырт Шафийм и фэеплъ пшыхьым къбкIуэпIахэм.

- Зи адэжьхэр ущиякIуэрэ гъэсакIуэу щыта лIым нэгъуэщI цIыху къищIыкIыныр фIэщIщIыгъуейт, - жаIэрт Хьэчим зыцIыхуу щыта и къуажэгъухэм. - Сыт хуэдэ лэжьыгъэми къыпикIуэтакъым, апхуэдэ дыдэуи Хэкур зэрыльэрий бзаджэм и гъэжькуийм щрихьэми, псэемыблэжу зэуапIэм Iутащ. Ипэ махуэхэм щегъэжьауэ ТекIуэныгъэ Иныр къахьыхункIэ зауэм хэта Шафийм къыгъэзэжа нэужь, нэжэгужьагъэр зэи фIэкIуэдакъым. Уеблэмэ, цIыхур нэхъыфIыжу илъэгъуауэ пIэрэ жьыпIэну, нэхъ лейуэ илъытэ, пщIэ хуищI хъуащ. Ауэ ар сыт щыгъуи щIэблэм хуеплъэкIащ, абыхэм я ехьулIэныгъэр езым ейм хуэдэу къыщыхъуу, гугъу задригъэхьащ. Иригъэжаxэр цIыху нэс хъуауэ ильагъуныр, Iэщ1агъэ ягъуэтауэ я хьыбар зэхихьныр Шафийм дежкIэ хуэдэ къэмыхъужьну насыпт. Арагъэнщ ар зыхэзыщIэ, зыльагъу цIыхубэри абы хуеIэу щIыщытар.

Фэеплъ пшыхьым къекIуэлIахэм Шафий Хьэчим и гъащIэр къыщэрекIуэкIам, зэуап1эм щызэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ ятеухуа сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэр кIыхуэзагъэльэпщащ. ХьэщIэхэм апхуэдэу ирагъэлъэгъуащ егъэджакIуэ-зауэлIым и лIыгъэм пкIыуэу кьрата дамыгъэхэр, зауэ лъэхъэнэм траха сурэт гъэщIэгъуэнхэр, архив тхьылъмп1эхэр.

Махуэ минрэ щиплIым щIигъэкIэ екIуэкIа зауэм Шафийр бийм и тIасхъэр щIихыу зэрыхэтар, а Гъуэгум ар и гумызагъэгьымрэ жьыжьэрплъагъымрэ зэрытрагъашар пшыхьым кърихьэлIэхэр щагъэгъэзащ. Совет гъунапкъэхъумэ нэпцIкэр къыщыщIигъэщам щыщIидзащ Шафийм и зауэ гъуэгуанэм. Лыигъэ зэрихьакъэм пэкIуэу Хьэчим «Хахуагъэм папщIэ» медаль, «Хэку зауэшхуэ» орденым и 1, 2-нэ нагъыщIэхэр, «Будапешт къызэращтам папщIэ», «Венэ къызэращтам папщIэ», «1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медалхэр кьыхуагъэфэщащ.

Зауэр Хьэчим Прагэ кьалэм щыухащ. Къызэригъэзэжкуи зыпэрыкIа и Iэнатlэм занщIэу пэрыувэжащ. И нэгу щIэкIа псом ипсыхьарэ сытми гу лъызытэ щIалэр кьызыхьыжьа еджакIуэхэм зэрадзэлэжьэн хуейр кьыгурыIуащ, - жаIэ абы иригъэджахэм. - И псалъэрэ и Iуэхурэ зэпэщIытыт Шафийм есэпымкIэ цIыкIухэм яIэ щIэныгъэр зэтес ищIыжьин папщIэ, еш имыIэу классищым я программэр кьызэщIрихьэфыдэу ядэлэжьат, зыхуэщIщIэ щIэныгъэри щыз ищIыжат.

- Зауэм зэбгригъэкIа сабийжэри еджап1эм иришэлIэжьфащ Шафийм, - жеIэ кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къэрмокъуэ Гъумар, - абыкIи пхэмыльэтэну Iуэхутхьэбзэшхуэ яхуищIащ жьилэм. Хьэчим хуэдэ цIыху псэемыблэжхэм я фIыгъэщ, егъэджакIуэхэм я акъыл зэтехуэу зэрызэдзэлэжьам и фIыщIэщ мы еджап1эм щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я доктору 27-рэ, кандидату 100-м щIигъу кьыззыщIэкIар. ЛIыфым хузэфIэкIащ и лэжьэгъуэр зэкъуигъэувэн, я гур етауэ зэкъуэту щIэблэм дигъэлажьэн.

- Хьэчим ныбжьэгъугъэр игъэлъап1эу, ныбжьэгъу хьэкъым хузэкъыу щытащ. - кьыхихгъэщащ Шапсигъ (Шафий) Любэ. - ЦIыхур зэхъуапсэм хуэдэт НалоАхьмэдхъан, Багъ Николай, Къэрмокъуэ Мухьэмэд сымэ зэрыхуущытар. Псэуху зэрыгъэпэжащ, гуэдзри гурIэгъуэри зэдагъэшу зэбгъэдзащ. Хьэчим фIэфIакьым зауэм и хуэдэ иIуэтэжну. Ауэ, и гугъу щищIкIи, зэи щымыгупщщу и щауэгъу пэжу щыта Хьэкъуэн Сультlан куэдрэ тепсэльыхьырт. Псэуху, абы и фэеплъыр Шафийм игъэлъап1эщ икIи щыгъупщащхьи.

Шафий Хьэчим егъэджэныгъэм хилъхьа гуащIэр, щигъэлъэгъуэ зэфIэкIыр къалъытэри, «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» щIэ лъап1эр кьыхуагъэфэщауэ щытащ, щэнейрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъри кьратащ.

Фэеплъ пшыхьым кърихьэлIахэм захуигъазэу Къэзан Заур жиIащ: «АдыгэлIым, гъэсакIуэ-ущиякIуэ щыпкъэм, егъэджакIуэ нэсым и фэеплъыр тхьумэнущ. ЩIэныгъэм хухиша лъагъуэм и гъэсэн пщIы бжьигъэхэр тригъэзыващ, и Хэкур Iэщ1экIэ зыхъумэхэм псэемыблэжу яхэтащ, тщыгъупщэнукъым. Шафий Хьэчим и цIэр зэрехьэ илъэс Iэджэкlэ унафэщIу щылIэжа еджап1эм, абы и гугъу ящIыхуи, и цIэр кьрадуэнущ, икIи кьыштщIэхьэу щIэблэр ар хэтми щIэупщIэнущ - аращ уахътынщ, фэеплъ мыкIуэдыж жьыуаIэри».

ТАБЫIЩ Мурат.

ЩIалэгъуалэм зыщаузэщI

«Мэшыкъуэ» щIалэгъуалэ форумым утыку къыщрахьа проектым Президентым и грантхэм я фондым щыщ мылъку хуагъэфэщащ. А Iуэхугъуэр хуэунэтIащ Кавказымрэ Урысейм и Ипщэ щIыналъэхэмрэ щыпсэу лъэпкъхэм я тхьдэмрэ щэнхабзэмрэ щIалэгъуалэр щыгъэгъуэзэным, гулъытэ хэха хуегъэщIыным.

«КАВКАЗЫР соцIыху» яп1э дунейпсо зэхьэзэхуэр Урысейм и Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм 2020 гъэм и гъатхэм щекIуэкIынущ. «Къэрал» фондым къызэригъэпэща, президент грант зыхуагъэфэща проектыр «Мэшыкъуэ» форумым и «Сэ сыпашэщ» Iыхьэм хэтхэмрэ абы и къэпщытакIуэхэмрэ утыку кьрахьащ нэгъабэ и щыщкIыхьэуIу мазэм. КъызэгъэпэщакIуэр «Урысейр - зэфIэкI льагэхэм я кьэралщ» президент платформэращ.

Зэхьэзэхуэр егъэкIуэкIынымкIэ гукъэкI дахэм ильэс ныкъуэм кьриубыдэу щIыналъэ зэхуаку мыхьэнэ игъуэтащ. «Зи гугъу тщIы Iуэхум кьыпхуэмылъытэн хуэдизу кьалэнышхуэ егъэзащIэ, ащащ Урысейм и егъэлIэ нэхъыщхьэжьи, щIыналъэ кьэралым Iуэхущ1апIэхэми, «Урысейр зэфIэкI льагэхэм я кьэралщ» коммерческэу щымыт автоном Iэнатlэми (АНО) абы я нэIэ щыIтрагъэтыр», - жиIащ АНО-м кьыдэлажьэхэм Iуэху ядэщIэнымкIэ и кьудамэм и унафэщI Сериков Антон.

Проектыр кьызэгъэпэщыныр зи гукъэкI, щIыналъэ къэхутэныгъэхэм я «Къэрал» фондым и генеральнэ директор Садко Дмитрий кьыхихгъащащ зэхьэзэхуэр Iыхьитlу гуэшауэ зэрыщытынур. Кавказым и тхьдэм, абы щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэм теухуа яп1э Iыхьэр, тест щIыкIэм тету, интернеткIэ ирагъэкIуэкIынуц. «Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм щыщ студенту абы щэ бжьигъэхэр хэтыну дыщогугъ икIи нэхъыфIу 50-р 2020 гъэм и накъыгъэ мазэм Пятигорск кьалэм щызэхэтыну Iыхьэм щызэпеуэнущ», - кьыхигъэщащ Садко Дмитрий.

ЩIалэгъуалэм я щIэныгъэр кьэхутэным и закъуэкъым Iуэхум и кьыдзэгъэпэщакIуэхэм кьалэну зыкъагъэувыжыр, атIэ ахэр хуейщ кьыщалъхуа щIыналъэм и щэнхабзэр джыным студенткэр драгъэзыхэныну.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Фэеплъ тхылъ

1941 - 1945 гъэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди къэралым кьыщихьа ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъум иригъэлIэу РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым гуманитар къхутэныгъэхэмкIэ и институтым и сайтым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Фэеплъ тхылъыр иралъхьащ, электрон щытыкIэ иIэу.

ГУМАНИТАР къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и Iэщ1агъэлIэхэм игъэхьэзыра икIи 2014 - 2016 гъэхэм дунейм кьыгъэхьауэ щыта Фэеплъ тхылъым итщ ди республикэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэкIуэда зауэлIхэм я цIэхэр, унэцIхэр. Абыхэм хеубыдэ хьыбарыншэу кIуэдахэри зауэм кьащытехуа уIэгъэхэм, кьраха узыфхэм илыкIахэри. Лэжьыгъэр щрагъэкIуэкIым тегъэщIапIэ ящIащ дзэ комиссариатхэм, дэфтэр, электрон хьуманIэхэм кьыщагъуэта тхыгъэкIэр.

Зауэм хэкIуэдахэм я унэцIэхэр зэхатхыкIащ ахэр зыщIащ (зыщIащу щыта) районхэм ельытауэ. А щIыкIэм тету зэхагъэува Фэеплъ тхылъыр томи 4 мэхъу. Я1п1 Iыхьэм кьыщыбгъуэтынущ Налшыкрэ Шэджэм щIыналъэмрэ ящIащу зауэм хэкIуэдахэм я цIэ-унэцIэхэр. ЕтIуанэм кьытехуащ Бахъсэн кьалэм, Бахъсэн, Дзэлыкьуэ, Iущащхэмахуэ щIыналъэхэм икIахэр. КъыкIэлIыкIуэр, Iуащхьэмахуэ щIыналъэхэм зэпыщIэныгъэм я фееплъу. Иджы ар щIыналъэхэм

Щ1эныгъэл1 щэджащэ, тхак1уэ зэчиифI1э Хъупсырокъуэ Хъызыр

Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэр къэзыхута, зыдж, адыгэ лъэпкъым къыхэк1а тхак1уэ зэчиифI1э Хъупсырокъуэ Хъызыр Хьэжбэчыр и къуэр езыр къыщылъхуа Къэрэшей-Шэрджэсым, Кавказ Ищхъэрэм къыщымынэу, къэрал псоми щыщ1эныгъуэщ.

ХЪЫЗЫРЩ адыгэ филологием и лъэныкъуэгъэзэщ1эр - адыгэ литературэхэр зэгъусэу, зыуэ зэхутэным ящэу иужь ихьар. Абы и лэжьыгъэхэм лъабжьэ хузэхуещ адыгейхэм, къэбэрдейхэм, шэрджэсхэм зы псэкупсэ щ1ын зэрал эр, зэлъэпкъэгъуэ зэрыщытыр къигъэлъэгъуащ.

Псалъэм папщ1э, «Некоторые вопросы развития адыгских литератур» (Черкесск, 1964 гъэ), «Пути развития адыгских литератур» (Черкесск, 1968 гъэ) монографиехэм а лъэныкъуэгъаэзм и лъабжьэр ягъэт1ылъащ.

Хъупсырокъуэм и щ1эныгъэ лэжьыгъэхэм уасэшхуэ хуащ1ащ критикхэм, ахэр тегъэущ1апI1э ящ1 Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгум и къэхутак1уэхэм. Хъызыр нэгъуэщ1 и лэжьыгъэхэм ящыщу къытеувыI1эпхъэщ Кlыщокъуэ Алим и творческэ гъащ1эм триуха «Восхождение» монографиемэ «Жизнь и литература» (2002 гъэ) фI эщыгъэщ1э зиI э, Москва къыщыдэкIа, щ1эныгъэ тхыгъэхэр зэдыщ1эзэхуэхэса тхылъымрэ.

Литературэм и теориием екъэлIаУэ мыхьэнэшхуэ зиI э тхылъ «О национальном своеобразии адыгских литератур» фI эщыгъэщ1эр зиI эр, щ1эныгъэл1 куэдым къызыпак1ыхь темэ хьэлъэхэмк1э зи гупсысэ гъэщ1эгъуэныр, еплъык1эхэр Хъызыр къызыдигъэльэгъуар.

Критикхэм уасэшхуэ хуащ1ащ Хъупсырокъуэ Хъызыр нэгъуэщ1 и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм: «Истоки черкесской литературы» (1973), «Сефер-Бей Зан» (1995), «Жизнь и литература» (2002), «Пушкин и Черкесия» (2010), нэгъуэщ1хэр. Щ1эныгъэлым и иужьрей монографиер быдэу епхащ Хъызыр и педагогикэ лэжьыгъэм.

Урыс, хамэ къэрал литературэхэмк1э кафедрэм и профессор Хъупсырокъуэм иI эсе пщ1ы бжыгъэк1э Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым XIX л1эщ1ыгъуэм и урыс литературэмрэ теориемрэ щригъаджэу л1ажьащ.

Егъэджак1уэм и лекцэхэр сыт щыгъуи гъэнщ1ат езым и къэхутэныгъэхэмк1э, Кавказ хэгъэгум Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Толстой Лев, Бестужев-Марлинский Александр сымэ зэрыщ1ам, XIX л1эщ1ыгъуэм къриубыдэу адыгэ, урыс тхак1уэ-узэщак1уэхэм яку дэлъа зэпыщ1эныгъэм. Мы темэр купщ1афI1э хъуащ Хъупсырокъуэм и щ1эныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм дежи. Абы щ1ыхьэт тохъуэ тхылъ мини 5 хъуу Москва къалэм къыщыдэк1а «Пушкин и Черкесия» жьхуиIэр. ЖьIаIпхъэщ, усак1уэ тельджэм и гущ1эм триуха мы тхылъыр авторым зэрыщыту зэригъэшар, библиотекэхэм, еджапI эхэм, щ1эныгъэлI эхэм, усак1уэм и творчествэр фI ыуэ зыльл ъагъуэм тыгъэ зэрахуищ1ар.

Монографием нагъыщ1 ин хуагъэувэ Iэщ1агъэпслажьэхэм. Мыбдеж къыщ1ыхьащ Пушкин Кавказым зэрыщ1а, куэдым ямыщ1ыхуа Iуэхугъуэхэр, щ1ынальэм щ1ипсэу л1ьэпкъэхэм пыщ1ынагъэу яхуиIар. Зи гугъу тщ1ы щ1ыхьэтэныгъэм мыхьэнэшхуэ иI эщ1 иджы къек1уэкI гъащ1э зэхэкъутаи зрагъэжьащ щ1эблэм гъэсэныгъэ нэс ядгъэзгъэтынымк1э.

Зэи апхуэдэ щ1ымыIауэ, и ныбжьыр илъэс 39-м ит щ1эныгъэ куу зыбгъэдэлъ, Iэуэу зэхэщ1ык1 л1ьагэ зиI э Хъупсырокъуэ Хъызыр щ1эныгъэхэм я доктор хъуауэ щ1ытащ. Кыкlэльыкlуэуи профессор фI эщыгъэщ1эр къилъэщащ, илъэс зыбжанэ тек1ыжри, ди хэгъэгум дежи щ1ыпэу Хъупсырокъуэр «Урысей Федерацэм щ1эныгъэхэмк1э щ1ыхь зиI э и лэжьак1уэ» щ1э л1ьапI эр къыфIащащ. Апхуэдэ щ1эныгъэ л1ьагагъэм адыгэлI эр нэсыжьыжь л1ьабжьэ хузэхуащ хэлъ зэчиифI эгуащ1эдэк1 л1ажьыгъэм хуиIэ фIыл1ьагъэныгъэмрэ.

Хъызыр 1930 гъэм гъатхэпэм и 18-м Шэрджэсым щ1ыщ Хьэбэз къуажэм къыщ1алъхуащ, жьлэми курыт еджапI эр къыщиухащ, кыкlэлъыкlуэу Черкесск къалэм дэт педагогикэ училищэм щеджащ, итIанэ Ставрополь къэрал пединститутым и филологие факультетыр диплом л1ыжьык1э къызэрыпэк1ащ. Абы къыкlэлъыкlуащ Москва къалэм дэт СССР-м Щ1эныгъэхэмк1э и Академиемэ епха Горький Максим и цIэр зезыхьэ Дунейпсо литературэмк1э институтым деж аспирантурэмрэ докторантурэмрэ щеджэжри.

СССР-м щыпсэу л1ьэпкъхэм я литературэхэм я къэхутак1уэ цIэрыIуэ Ломидзе Георгий и унафэм щ1эту, Хъызыр и кандидат диссертацэр зэрыпхигъэк1ам къыщымынэу, Москва къалэм дэт, пщ1эшхуэ зиI э институтым и щ1эныгъэрылажьэу къагъэнэжащ, апхуэдэ зэи къэмыхъуаэ. Щ1эныгъэхэмк1э Академиеми и ищхъэ институтым илъэсит1ык1э щ1ылэжьа нэужь, партым и обкомым зышащ1ахуа хэгъэгум крайджэхащ, кадр зэрахуримыкъым къыхэк1ык1э, икIи педагогикэ институтым Хъупсырокъуэм и гуащ1эдэк1 илъэс 20-м щ1игъу щихьащ. Абы щ1ылажьэк1эрэ филологие щ1эныгъэхэм я доктор, профессор, «УФ-м щ1эныгъэхэмк1э щ1ыхь зиI э и лэжьак1уэ» щ1э л1ьапI эхэр къыхуагъэфэщащ.

Черкесск къалэм къэIэпчъуэжа нэужь, Хъупсырокъуэ Хъызыр къыхуагъэфэщащ егъэджак1уэм я щ1эныгъэм здыхэгъахъуэ институтым бзэмрэ литературэмк1э и кафедрэм и унафэщ1 Iэнатlэр, итIанэ гуманитар Хъэхутэныгъэхэмк1э институтым и унафэщ1 ящ1ащ. Дэнэ щымыIами, зыдэлажьэхэм я гумрэ я псэмрэ дыхьэу, и цIыху щык1эк1э, щ1эныгъэу, Iэсэгъныгъэу бгъэдэлъым цIыхухэр зришалIэу яхэтащ, текъуэзэныгъэ, хьэлэбэлык1 хэмыту сыт хуэдэ унафэщ1 Iэнатlэмэ пэрытащ.

Тхак1уэ и лъэныкъуэк1э Хъупсырокъуэм зыкъыщ1эзэкъуихар нэхъ к1асэуэ. Абы щ1ыдекIи екъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьащ. Iуэтэж, повесть пщ1ы бжыгъэ урысыбзэк1и, адыгэбзэк1и и Iэдакъэ къыщ1ак1ащ. Дэтхэнэ дежи Хъызыр щ1ызэпк1рихащ адыгэм хуэгъэза, абы къыхэк1а цIыхуэм хэлъын хуэй хьэл-щэнхэр, абы папщ1и тхак1уэм зыхуеГазэ илъэс куэд зытек1ыжа Iуэхугъуэхэм. Апхуэдэ - «Тыкъуэ», «Завещание», «Алыдж» тхыгъэхэр, нэгъуэщ1хэри.

Тхак1уэм и хьэл-щэн нэхъыщ1ыкъу хэлъын хуейр - зытепсэлъыхь зэманым и щ1ытык1эхэр пэжагъ хэлъу къэгъэлъэгъуэнкъ, икъук1э нэгъэсэуэ Хъупсырокъуэм и Iэдакъэщ1эк1эм щ1ызэпсыгъэ. Псалъэм и жьыгъуэк1э, «Гъук1э» ц1ыхуэм деж авторым зэрыщытэ дыдэм хуэдэу къегъэлъагъуэ 1950 - 1960 гъэхэр, цIыхуэ къызэрык1уэхэм я гъащ1эр, зэхиха къудейм къыщымынэу, фIыуэ зыхищ1ык1ыу щыта парт лэжьак1уэхэм я лэжьыгъэр.

Хъызыр и Iуэтэжкэр курыт еджапI эхэм щадж. Апхуэдэщ, 1998 гъэм къыдэк1а, е 7-нэ классым и хрестоматиеми («Гъук1э Ахьмэд», «Тыкъуэ» расказхэр зэрихуар. Абы къегъэльагъуэ тхак1уэм и Iэдакъэщ1эк1эм щ1ыбгъэ зэрыхуэныкъуэр. Абы къыдэк1уэу жыIэпхъащ Хъызыр и творчествэр литературэджхэм къызэрамыхутар, зэрызэпкърамыхар. Абы и щхьэусыгъуэр республикэми Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгухэми критикэ нэс зэрыщымыIэращ.

Къэльытапхъэщ, литературэм и щ1эныгъэмрэ литературэ творчествэмрэ зэдзиг1ак1уэу елэжьк1эрэ, л1ьэныкъуитIыкъмк1 Хъупсырокъуэм ехъулI эныгъэ л1ыагъ зэрыщ1эриг1эхьар. Хъызыр и гуащ1эдэк1 гъэзугъанэм увыпI э хэха щебуащ илъэс куэдк1э еджапI э нэхъыщ1эм зэрыщ1ыл лэжьар.

Адыгэл1 щ1ыпкъм СССР-ми, Урысейми, хамэ къэралхэми щек1уэк1а конференцхэм щ1эныгъэ доклад гъэщ1эгъэнэхэр къыщищ1у, щ1эныгъэлIэхэм я тхыгъэхэр щ1иджыкIыу, диссертацэхэр пхызыг1эк1эхэм защ1игъакъуэу, и епIыкIэхэмрэ рецензэхэмрэ куэду и Iэдакъэ къыщ1эк1ащ.

Иужьрей илъэсхэм и пщэрыльхэм къыхэхуат тхылъ къыдэгъэкIын лэжьыгъэри. Абы и унафэм щ1эту л1ьэпкъым и тхыдэр, щэнхабзэр, этногрупер къыздэгъэльэгъуа «Черкесия» журналыр, «Кавказские новости» газетыр къыдигъэк1ащ. Мы къыдэк1ыгъуэхэр яIэрыхьэт хэжьжьым ис адыгэхэми, хамэ къэрал щыпсэу ди л1ьэпкъгъуэхэми.

Хъупсырокъуэ Хъызыр зытелэжьыхь Iэхуэхэр къытщ1этаджэ щ1алэгъуалэм яхэлъ щэнхабзэр л1ьагэ зыщ1ынт. Абы къыхэк1ык1э жызоIэ: Хъызыр щ1эныгъэл1 щэджащэ, тхак1уэ къызэрымык1уэ къудейкъым, атIэ икIи узэщ1ак1уэу яIъыт».

ИЦ1ЫХУ щ1ык1эм укъытеувыIэмэ, илъэс куэдк1э сызыдалажьа Хъупсырокъуэ Хъызыр зыхуейр зыщ1эж, Тхъэм акъылыщхуэрэ зэчиифIэ къызыхилъхьат. Щ1эныгъэ зыбгъэдэмылъхэр, зытепсэлъыхьыхьм хэзыымыщ1ык1хэр зэуэ къи-цIыхуэрт, цIыху Iущхэр, гупсысэ гъэщ1эгъуэн зыбгъэдэлъхэр зришалIэрт. Ныбжь, Iэщ1агъэ зэхуэмыдэ зиIэхэм ядэпсэлъэнк1э абы хуэдэ щ1ыпэтэкIыу, цIыху гъэсат. Ныбжьэгъыр и куэдт. Ахэр зыдэпIыгъыныр куэдым къабйхъуIэрк1ым, абыкIи зэчиий пхэлъын хуейщ. Хъызыр а хьэлыр кьебэкIырт. Пэжщ, ныбжьэгъугъэм хуэмыфащэхэм ар ядиIыгъынутэкъым.

Хъупсырокъуэ Хъызыр щ1ыху гъэщ1эгъэнэт. Абы къыхэк1ык1э, иригъаджэ студентхэми, лэжьэгъухэми, вахтёрхэми къыщыщ1эдзауэ унафэщ1хэм нэгъунэ щ1эныгъэлIым дэуэршэрыну яIъыт.

ФIы дыдэу ильагъурт къызыщылъхуа Хъэбзэ къуажэри, абы дэсхэри. Хъызыр хузэфIэк1ащ и бынитIым - Назиррэ Заремэрэ, и къуэрылъхуэу Муратрэ Умаррэ, къызыщылъхуа жьлэм къыщымынэу, Къэрэшей-Шэрджэсми, Кавказми, Урысейми хуэхэкIуп1эу къыгъэтэджыкIащ. Псалъэм и жьыгъуэк1э, «Гъук1э» ц1ыхуэм деж авторым зэрыщ1ыта дыдэм хуэдэу къегъэлъагъуэ 1950 - 1960 гъэхэр, цIыху къызэрык1уэхэм я гъащ1эр, зэхиха къудейм къыщымынэу, фIыуэ зыхищ1ык1ыу щыта парт лэжьак1уэхэм я лэжьыгъэр.

Хъызыр и Iуэтэжкэр курыт еджапI эхэм щадж. Апхуэдэщ, 1998 гъэм къыдэк1а, е 7-нэ классым и хрестоматиеми («Гъук1э Ахьмэд», «Тыкъуэ» расказхэр зэрихуар. Абы къегъэльагъуэ тхак1уэм и Iэдакъэщ1эк1эм щ1ыбгъэ зэрыхуэныкъуэр. Абы къыдэк1уэу жыIэпхъащ Хъызыр и творчествэр литературэджхэм къызэрамыхутар, зэрызэпкърамыхар. Абы и щхьэусыгъуэр республикэми Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгухэми критикэ нэс зэрыщымыIэращ.

Къэльытапхъэщ, литературэм и щ1эныгъэмрэ литературэ творчествэмрэ зэдзиг1ак1уэу елэжьк1эрэ, л1ьэныкъуитIыкъмк1 Хъупсырокъуэм ехъулI эныгъэ л1ыагъ зэрыщ1эриг1эхьар. Хъызыр и гуащ1эдэк1 гъэзугъанэм увыпI э хэха щебуащ илъэс куэдк1э еджапI э нэхъыщ1эм зэрыщ1ыл лэжьар.

Адыгэл1 щ1ыпкъм СССР-ми, Урысейми, хамэ къэралхэми щек1уэк1а конференцхэм щ1эныгъэ доклад гъэщ1эгъэнэхэр къыщищ1у, щ1эныгъэлIэхэм я тхыгъэхэр щ1иджыкIыу, диссертацэхэр пхызыг1эк1эхэм защ1игъакъуэу, и епIыкIэхэмрэ рецензэхэмрэ куэду и Iэдакъэ къыщ1эк1ащ.

Иужьрей илъэсхэм и пщэрыльхэм къыхэхуат тхылъ къыдэгъэкIын лэжьыгъэри. Абы и унафэм щ1эту л1ьэпкъым и тхыдэр, щэнхабзэр, этногрупер къыздэгъэльэгъуа «Черкесия» журналыр, «Кавказские новости» газетыр къыдигъэк1ащ. Мы къыдэк1ыгъуэхэр яIэрыхьэт зэгурэкIуэ щ1ыпэкъыщ1ыкIыу, ди щ1ыпэ щ1ыпсэу ди л1ьэпкъгъуэхэми.

Хъупсырокъуэ Хъызыр зытелэжьыхь Iэхуэхэр къытщ1этаджэ щ1алэгъуалэм яхэлъ щэнхабзэр л1ьагэ зыщ1ынт. Абы къыхэк1ык1э жызоIэ: Хъызыр щ1эныгъэл1 щэджащэ, тхак1уэ къызэрымык1уэ къудейкъым, атIэ икIи узэщ1ак1уэу яIъыт».

БАКIУУ Хъанджэрий,
филологие щ1эныгъэхэм я доктор, КъШР-мрэ КъБР-мрэ щ1эныгъэхэмк1э щ1ыхь зиI э я лэжьак1уэ.

Лъэпкъ усыгъэм и дыгъэ

Тэрч щ1ыналъэм хыхьэ Новэ-Хьэмидей къуажэм дэт курыт еджапI эм адыгэ литературэм и классик, лъэпкъ усыгъэм и лъагъуэр пхызыша Щоджэнцыкlу Алий къызэралъхурэ мы гъэм илъэси 120-рэ зэрырикъум и щ1ыхьк1э «Адыгэ усыгъэм и дыгъэ» фI эщ1ыгъэр иI эу зэхэхьэ гуапэ щек1уэк1ащ.

IУЭХУЩ1АПIЭМ яхуеблэгъат Кэнжэ къуажэм дэт Щэнхабзэмк1э унэм и лэжьак1уэ Къанкъуэ Ислъам, киномрэ театрымрэ я джагуак1уэ Щоджэн Алим, Тэрч районым егъэджэныгъэмк1э и управленэм, щ1ынальэм щ1ыIэ жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм я лык1уэхэр.

Махуэшхуэм и щ1ыхьк1э ягъэхьэзыра программэм тету хьэщ1эхэр япэщ1ык1э ирагъэпIащ Щоджэнцыкlу Алий и гъащ1эмрэ и творчествэмрэ теухуауэ пэIущ1э пэшым къыщ1эзэрагъэпэща гъэльэгъуэныгъэм. Къык1эпык1уэу ахэр ирагъэблагъащ адыгэбзэмрэ литературэмк1э егъэджак1уэ Балъкъэр Жанна е 8-нэ классым щигъэхьэзыра Щоджэнцыкlу Алий и «Нанэ» уэсмк1э дерс зэIухам. Темэщ1эм хьихьэн и пэ къихуэу еджак1уэхэм утыку кърахащ нэхъапэк1э тхак1уэм теухуауэ зэхагъэуба доклад к1щ1ыхэр, Алий и сурэтхэр щ1ызэхуахьэса альбомыр. «Хьэжьигъэ пут закъуэ» рассказым щ1ыщ тепльэгъуэ щ1ык1уи ягъэуват. ИужькIэ Жаннэ темэщ1эм хишащ пэшым щ1эсхэр. Щоджэнцыкlу Алий «Нанэ» уэсэр щитха щ1ыпIэр, ар дунейм къытехьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуар, еджак1уэхэм а тхыгъэр зэрызыхащ1эн хуей щ1ык1эхэм яхутепсэльыхьри, гъэхуауэ езыри еджак1уэхэри къеджащ. Егъэджак1уэм жиIэу хьуар Iупщ1у уи нэгу къыщ1эзыгъэувэ тепльэхэри дерсым щагъэльагъуэрт.

Курыт еджапI эм и унафэщ1ым гъэсэныгъэ Iуэхугъэмк1э и къуэдзэ Ныбжьэ Диана усак1уэ уахътыншэм и щ1ыхьк1э Къанкъуэ Ислъам триха «ЛIэгъуэджэ» кинофильмым зэIущ1эм къриубыл1ахэр иужькIэ иригъэпIащ. Ар зытеуухар Щоджэнцыкlу Алий и гъащ1эм и иужьрей мазхэкъуэр. Фильмым епльк1эрэ еджак1уэхэр гупсысэ куум зэрыхьыхьар нэрылъагъут. Тхылъэм ити еджа фIэк1а нэгъуэщ1у ямыцIыху усак1уэм и гъащ1эм трещ1ыкIа теплъэгъуэхэм я нэхъ гу быдэми и нэпс къригъэкIуэрт.

Зэхьэхьэм и к1эух хъащ1эхэрэ щ1ыпэ щ1эсу ек1уэжа псалъэмащ1эр. Нэхъапэк1э зэпIьа теплъэгъуэм щыджэгуа Къанкъуэ Ислъамрэ Щоджэн Алимрэ яхуэгъэзауэ еджак1уэхэм къалъыкъуэк1а упщ1эхэм жэуап ираташ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Щ1ымрэ псымрэ

Тэрч, Бахъсэн, Май щ1ынальэхэм щ1ыуэпс къабзагъэр щрагъэфак1уэ.

ЩIЫУЭПС хьугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемк1э Урысейм рэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я министерствэхэр зэхъуэту дыкъэзыхъуреихь дунейм и къабзагъэр хъумэным щ1эбэныным иджыри илъэс блэкIам иужь ихьащ. Iуэхур зэхьэлIар хабзэм къемызэгъ пхъэнк1ий идзыпIэкIэр щымыгъэIэным и закъуэкъым, атIэ апхуэдэ щ1ыпIэхэм я зэран зэк1 щымрэ псымрэ хъума хъунымк1э щ1апIэхъэхэрэр. Мыбдежым зи гугъу ящ1ыр пластик пкъыгъэзэрщ. Куэдрэ дрохьэлIэ к1эрыхубжьэрыху зэхуэхьэсIэхэр тракторк1э щ1эвэныр хэк1ыпIэу ку хьэлъытэхэм.

Щ1ыуэпсым и къабзагъэм к1эпъыпIыным и мызакъуэу, Iуэхущ1апI э щхьэхуэхэм я хъуреягъым щ1ызекIуэ к1ыабзагъэри Iэщ1ыб ящ1ынчъым. Апхуэдэхэм ящ1ыщу к1ыагъэльэгъуащ. Тырныкуэ дэт вольфрам-молибден комбинатыр здэщыт щ1ыпIэри. Субъектхэм щ1ыIэ экологие щ1ытык1эр егъэфIак1уэным ехьэлIа Iуэхуэхэр къралым и нэIэм щ1эту к1ырахьэ1энущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

• Дифl догъэлъапlэ

Адыгэл1 нэсым и щапхъэ

Актёр цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист Кукэнэ Мурат и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу

Кукэнэ Мурат 1950 гъэм мазаем и 12-м Адыгэ Республикэм и Тохъутэмыкъуей жылэм, Кукэнэ Рашидрэ Зулихърэ я унагъуэм, къыщ1ал ъхъащ. Актёр хъунымк1э и адэ Рашид колхозым и председателу, иужькIэ ерыскъы комбинатым и унафэщ1у щытащ. И анэ Зулихъ медицинэ колледжыр къиуха нэужь, сымаджэщым щ1ылажьащ. Мурат сабий сэдым щритым, и къуэм пэгунэгъун папщ1э, абы уваща. Зулихъ сабий куэд игъэсащ, иджы ахэр адэшхуэ-анэшхуэ хуаами, фIыуэ къызэралъагъуэ наIуэр. «тётя Зое»-к1э къэдджэхэр. Рашиди Зулихъи Хэку зауэшхуэм ипэм къыщыщ1ыщ1ащ и к1эм нэсыхук1э хэтащ, я лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщ1э дамыгъэ л1ьапI эхэр къыхуагъэфэщащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, и къуэм и ехъулIэныгъэхэм адэр хэплъэну ихуатэкъым - ар пасэу дунейм ехьажащ.

АКTЁР Iэщ1агъэратэкъым Рашид и къуэ закъуэр зыхуигъэхьэзырыр. Ауэ сабийр куэд еджэрти, абы щ1ыхьхущ1эхэр и нэгумкIэ къигъэльэгъуэныр зыхилъхьэ щ1ыIэтэкъым. Тохъутэмыкъуей къуажэм дэт курыт еджапI эм щеджэрт Мурат, апхуэдэуи музыкэ щ1ынагъэмэ зыхигъэгъуаэзрт. Ар и ныбжьэгъухэм нобэми я нэгу щ1этщ нотэ папкэшхуэ, Чайковскэм и сурэт тету, иIыгъыу уэрамым ирикIуэу. Форттепианэм еуэу игъэсащ Краснодар къыкIыпуэ тхъэмахуэм тIэу къак1уэ егъэджак1уэм.Ебгъуанэ класыр къиухуауэ Мурат и ныбжьэгъухэр щ1ыгъуу Тlуапсы нэс л1акъуэрыгъажьэкIэ кIуэри къэкIуэжауэ щ1ытащ. Илъэс дэк1ри, районым туризмэмк1э и командэ къыхэхам хэту Фыщт къуршым дэк1ыгъащ. Абы щ1ыгъуэ зыхуейм зи Iэр тезыгъэхуэфыну щ1ылэну зэрыщ1ытыр наIуэ къыззэриубгъащ пцIы хэлъкъым.

Курыт еджапI эр къиухри, Политехникэ институтым щ1этIысхьащ. Еджэн щ1ыщ1эщ химико-технологие факультетым щагъэр зыщ1эхэр щ1агъэ, ныкъуэхэм и къудамэм. Арщ1ыжк1э илъэс ныкъуэ фIэк1а емыджжауэ къыщ1эк1ыжри, Адыгейм и къэрал педагогикэ институтым (АКъПИ) и филологие факультетым щ1эпIысхьащ. А зэманым къыщ1ащ1эдзауэ и щ1ыпэ псор зытриухуэну ак1тёр Iэщ1агъэм пэгъунэгъу хуэхъуу хуежьат Кукэнэ Мурат. АКъПИ-м и филфакым щ1эст гуазджэр фIыуэ зыльагъуэхэр, творчествэм хуэпабгъэхэр, ныкъуэхэм и дежи ар я Iэху яхэщ1ыхь яфIэхъуу. ЦIыху цIэрыIуэ куэд къыщ1эк1ащ а еджапIэм. Мурат абыхэм ящ1ыщт, лъэныкъуэ куэдк1э зэфIэк1 зэриIэр наIуэ хъууэ. Псалъэм и щхьэкIэ, Бэнэмыл дихьэхри, а спорт лIэужьыгъуэмк1э Мейкъуапэ школ къыщ1ыззэыгъэпэща тренер Куэблэ Екъуб илъэс ныкъуэк1э игъэсащ. ИтIанэ хьэлъэ къиIэту хуежьэри, къалэм и чемпион хъуащ.

Голубевэ Людмилэрэ Чэмокъуэ Эммэрэ пединститутым къыщ1ыззIыахауэ щ1агъэлажьэ Шварц Е. и «Голый корольэ» спектаклым и япэ ролыр - пащтык-адэм и образэр - щигъэззащ1ащ. Мыгувэу бзэмрэ литературэмк1э егъэджак1уэ хъуну студентыр театрым итхъэкъупащ. Арати, и артист гъэзугъанэм щ1идзащ, цIыхубэм и пащхьэ зыр адрейм ящ1ыкIуэу къыхьэу.

Студент театрым цIыхуэхэм ягу кьинэжа роль куэд щигъэззащ1ащ Мурат. Псом хуэмыдэжу къахэщ1ыр Ильфрэ Петроврэ я тхыгъэхэм къытращ1ыкIам хэта Бендер Остап, Балагановым, Лоханкиным, Паниковскэм я образхэр.

Дипломыр къратыжыным мазищ фIэкIа къэмыиэжауэ, Кукэнэр ириджащ Адыгэ Республикэм и облисполкомым щэнхабзэмк1э и управленэм и тхьэмадэ Хелишхуэ Ш. икIи Театрымк1э, музыкэмрэ кинематографиемк1э Ленинград (иджы Санкт-Петербург) дэт къэрал институтым кIуэну Iэмал зэрилэр къыжьриIащ. Абы щ1ыгъуэ а еджапIэм щ1ыIэт Адыгейм щ1ыщ гуп икIи а курсым и унафэщ1ым зэфIэкI хъарзынэ зиIэ щ1алэм и хъыбар зэхихауэ арат. Ленинград щеджэжэм зэрахьыьам, дерсхэр гъэщ1эгъуэну икIи щ1эщ1агъуэу зэрекIуэжьам, къалэзюжъуэ и гъэщ1эгъуэнагъэм дихьэхьапащ Мурат, зыхуей дыдэр къызэрригъэтар псэкIэ зыхищ1ащ.

Адыгэ актёр студиер тышу икIи фIыуэ еджэрт, институтым щ1ыIэ къыщ1ащ1ыкIыр. фIыуэ къыщ1ащ1ыкIыр. Студент спектаклу ягъэува «ДонКихот», «Свои люди - сочтёмся» лэжьыгъэхэм еджапI э театрым щеплъыр актёр фащ1ыгъуэ щеджэжэм я закъуэтэкъым, нэгъуэщ1 еджапIэхэм я студентхэми зыкъраГъэхьэлIэрт яфIэгъэщ1эгъуэну.

1976 гъэм институтыр къаухри, зэкъорсэгъуэм Мейкъуапэ къагъэззэжащ. Гуп зэкъуэтэр утыкум зэрытынум и закъуэтэкъым зыхуэхьэзырыр, гъащ1э гъуэгуанэм зэрыIыгъыу зэрыриIкIуэнуми хуагъэсауэ къыщ1эк1ащ. А хабзэхэм тетт Адыгей театрым и утыкум къикIа Кукэнэ Мурати. «Дон-Кихот» (роль пщ1ыкIуш зэуэ щигъэзащ1эрт), «Свои люди - сочтёмся» (Подхалюзин и ролыр), «Юность актёра» (езыгъэкIуэкIыи и ролыр) спектаклхэм хэтущ текIуэ утыкуишхуэм япэу зэрихьар. Мейкъуапэ дэс нэхъыжь-хэми нэхъыщ1эхэми, абы и хьэщ1эхэм зэуэ театрыр я кIуэпIэ хуауэ. ЗэфIэк1 зыбгъэдэлъ актёр ныбжьыщ1эхэм зэуэ къахэщащ Мурат икIи шэч кьытумыхьэу ящ1ыпIэ къынущ нэхъыфI дыдэу яIъагъу артистхэм ящ1ыщ зы зэрыхъуар. Езым и утыку итыкIэ щ1ыхьэуэ иIэжт, л1ьэпкъым и дежкIэ къуГъэфIыгъуэшхуэу и эчиий къыззэрыкIуэт. Абы и роль нэхъыфIхэм ящ1ыщ Тиль (Горин Г. «Тиль Уленшпигель»), Хлестаков (Гоголь Н. «Ревизор»), Ушастый (Володин А. «Две стрелы»), Оргон (Мольер «Тартюф»), Хитрый (Дударев А. «Свалка») сымэ, классик, иджырей драматургием щ1ыщ спектаклхэм хэт л1ыхъужь нэхъыщхьэхэр. Апхуэдэущ Мурат хэтащ адыгэ тхак1уэхэм я Iэдакъэщ1эк1эм къыгъэщ1ащ1эхэм, документальнэ фильмхэм, япэ адыгэ художественнэ киноми.

Театрым зэрыщ1ылажьэм хуэдэуэрэ, зэман лей зэримыIэри лъэпощхьэпо мы къуу, Мурат яхуэзэрт щ1ыкIуу гъэщ1эгъуэнхэм, творческэ зэIущ1эхэм, зэхуэсхэм кIуэрт. А зэпсэльэныгъэхэм, Высоцкэм и уэрэдхэр гитарэ еуэурэ здыжи1эм, гупсысэ гъэщ1эгъуэнхэр кIуэрт, гъащ1эм и зэхэлъыкIэмрэ гъуазджэм и унэтIыныгъэ щ1ыхэхуэхэмрэ ехьэлIа епIыкIэщ1эхэр къэунэхурт. Арагъэнщ цIыхур цIыху щ1ыкIщ щ1ыжаIэр. Езым хуэдэ цIыхухэм епсалъэкIэрэ и зэфIэкIым хэхъуэрт, сценэ образ гъэщ1эгъэнэжри театр утыкум щ1ызэфIигъэуэвэным хэкIыпIэ хуэхъурт. Тхак1уэхэмрэ усак1уэхэмрэ я Iэху епIыкIэхэм хьыхьэ-кIауэ жыпIэ хъунущ Мурат и драмэ тхыгъэхэр. Апхуэдэу дунейм къытехьащ Къуинык1ыуэ Налбийрэ Кукэнэм-рэ здатха «СыныволъэIу, сыщIэфIлъхьж...» пьесэ хъарзынэр. Адыгей театрым бгъущ1 гъэхэм Мурат къыщ1эзIуиха «Эксперимент» театрым щагъэзащ1ар.

Гупъэтэ хэха зыхуэщ1ыпхъэ Iуэхущ1 адыгэм игъащ1эм къыздэгъэгурыкIуэ джэгуак1уэр утыку къызэрыришэжам. Зэштегъэум къыздэкIуэу, цIыхубэм и дунеймрэ зэхэщ1ык1ымрэ къэзыгъэльагъуэ щапхъэу зэрыщытри наIуэ къыщ1ыфащ абы.

Театр утыкуми телевидеэнэм и лэжьыгъэми щ1ыщ1ам нэмыщ1 Мурат и зэфIэк1 щигъэльэгъуащ игъэззащ1а монологхэм. Цlыхъ къэс и гъащ1э гъуэгуанэм дригъалпъэк1эрэ, абы хэIуцIыIу щ1ыщфащ куэдым я дуней епIыкIэр я зэхэщ1ыкIрэ. ЖьипIэнурамэ, сыт хуэдэ унэтIыныгъэ зрипщ1тами, и лъагъуэ къыхимынауэ, ауэ сытми игъэззащ1эн щхьэк1э утыку къихьауэ зы лэжьыгъэ эхткъым. Абы къегъэльагъуэ Кукэнэм къыдалъхуауэ зэчий зэрыбгъэдэлъыр, л1ьэныкъуэ куэдымк1э зэфIэк1 къыззэрымыкIуэ зэрИэр.

Кукэнэ Мурат зыхэта спектаклхэр, кьанэ щ1ымыIэу, къытхуебжэкIынкъым, ауэ нэхъ гукъинэжхэм ящ1ыщ зыбжанэм я цIэр къытIуэнщ. Апхуэдэущ, псалъэм папщ1э, Шекспир В. и «Отелло», Мольер Ж. и «Тартюф», Куинин ныкъуэ Н. и «Пщы-оркъзау», Володин А. и «Ящерица», Чехов А. и «Иванов», Сароян У. и «В горах моё сердце», Гоголь Н. и «Игроки», Горин Г. и «Геростат» спектаклхэр, «Тёща» фильмыр (продюсерри роль нэхъыщхьэр щ1ызыгъэззащ1ари езыращ), «Блок-пост», «Своя чужая жизнь» (режиссёрыр Рогожкин А.), «Карусель» (Никифоров О.), «Печорин» (Кот А.), «Группа «Зета» (Татарский В.), «Актриса» (Говорухин С.) художественнэ фильмхэмрэ сериалхэмрэ.

Утыкум щ1ыIэ екъулIэныгъэхэм я къэзыкIуэу, Мурат нэгъуэщ1 Iэнатlэхэми пэрытащ. Псалъэм папщ1э, ар Адыгейм ЦIыхубэ щэнхабзэмк1э и центрым илъэс зыбжанэкIэ и унафэщ1у щытащ. 2006 гъэм къыщ1ыщ1ддзауэ 2017 гъэ щ1ыпIэндэ Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ театрым и режиссёр нэхъыщхьэу лэжьащ. Дэнэ щ1ыпаи, зыхэт гупым и лъагъуныгъэрэ и щ1ыпэ кьилэжьу апхуэдэщ. Кукэнэр. Иджыпсту театрым и труппэм хэтщ, роль щ1ымыщ1э, Iуэхущ1апIэм зи зэфIэкIым хуэныкъуэ щ1ыхуащ. Иужьрей зэманым къэхуIпIа Iуэху инщ Булгаковым

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Путин Владимир: Нэхъапэм къыстехъущІыхьахэм

Мюнхен щыжысІа дыдэр иджы къапсэлъ

Налуэу зэрыщытщи, ТАСС-м тредзэ журналист Ванденкэ Андрей Путин Владимир къыІиха интервьюм и пычыгъуэщІэхэр. Псальэмакъыр зыхуэгъэзар ар президенту зэрыхахрэ илъэс 20 зэрыриІурр. Пычыгъуэхэри 20 хъунущ. Дэ кІыхьыдох абыхъэм ящыщу нэхъ щІэщыгъуэу къэтлъытэхэр. Нобэ зи гугъу тщІыр Москва Вашингтон зэрыдзлажьэрщ икІи «Лиссабон къыщыщІэдзауэ Владивосток нэс Европэ» проектым кІэ зэрригъуэтарщ.

Дуней псор зэрипхъуэну хуейт

Ванденкэ:

- Уэ Трамп ныбжьыгъуфэ хэлъу Дональд-кІэ уоджэ.

Путин:

- Ар езыри сэ Владимиркіэ къыздоджэ.

- Обамэ угурыуэфакъым.

- Си дежкІэ абы и жэуапыр гугъущ. Сэ псоми пыщІэныгъэфІхэр яхузиІэу къекІуэкІащ. Обамэ жиІащ американхэр лъэпкъ хэхауэ, абыхэм хуитыныгъэ щхьэхуэхэр яІэн, дуней псом щытепщэу щытын хуейуэ. Сэ абыкІэ арэзы сыхъуфынукъым. Дэ псори Тхъэшхэм зэхуэдэу дыкъыгъащІащ. Абы къыхэкІыу зыгуэрым ефІэкІынырэ иІэн хуейуэ жыпІэныр къезгъырыкъым.

- Дэрэ американхэмрэ дэ зэхущытыкІэхэр мы зэманым сыт хуэдэ?

- Баллитымрэ щыжысІа и зэхуакуэ щыІэу къащІэкІынущ. Щым нэхъ пэгъунэгъунущ. Дэ терроризмэм и бий Іэнатіэм дыщызэдолажьэ. Сэ Трамп и дежь сыпсалъэри, фІыщІэхэу хуэсщІащ дэ а хъыбарыр къызэрытІэригъэхьам къыхэкІыу.

- Зи гугъу пщІыр питер гупыр арат?

- Ахэр куэд щІауэ апхуэдэхэм якІэлъыплъыт. ИужькІэ ФБР-м ар ФСБ-м къыІэригъэхьащ.

- НэгъуэщІу жыпІэмэ, американхэр ди щІынальэм нэхъыфІу щолажьэ?

- Сэ абы сытепсэлъыхьынукъым, ауэ гупыр сэтей къэзыщІар американхэрщ. Дыдейхэми куэд къаубыд.

Санкцэхэр Іуахыпхъэщ

- КъэралитІым зэдэтщІ сатур мащІэ дыдэщ. Арщхьакіэ, Трамп теува иужь абы зиубгъуфу щІидащ. Ауэ Урысейм зэпымыуэ санкцэхэр къытралъхьэ. Абы хибуйдащ «Северный поток-2» газ кІуапІэ бжьамийри. Фыхэдгъэщынщи, США-м зэпымыуэ фІэмыфІу щытащ дэ Европэм экономикэ щытыкІэ тэмэмхэр худИэныр.

«Северный поток-1»-ри ядакъым. Сыт щхьэкІэ? Щхьэусыгъуэ ящІар Украинэм и щІыналъэмкІэ газыр кІуэцІрытыщн зэрыхуейщ. Ахэр езы Украинэр щыІэну хуей хуэдэщ, ауэ ар ахъшэкІэ зыІыгъыну зи пщэ дэхуэр Урысейщ. ГъэщІэгъуэнщ, пэжкъэ? Сліожь, Украинэмкіэ газыр кІуэцІрытышнщ апхуэдэу мы Іуэхур къыщежьакІэ. Нэхъ мащІэми, кІуэцІрытышнщ. Ауэ иужьрей санкцэхэм я кьежьапІэр Украинэрэкъым. Абы къыхэкІыу санкцэхэр Іуахын хуейщ.

- Хабзэр зыгъэувыр нэхъ лъэщхэрщ...

- Европэм щыпсэухэм я зэран хэлъу уи хьэпшыпыр пхыбгъэкІыныр хуабжьу къемызэгъщ. Энергием и уасэр процент 25 - 30-кІэ дэкІуеймэ, континентым и экономикэр ехуэхынущ.

Саакашвили жесІат...

- «Лиссабон къыщыщІэдзауэ Владивосток нэс Европэщ» проектыр щыІэжкъым, пэжкъэ?

- Ар икІи щыІакъым. Зэгуэр де Голль жиІэгъащ Уралым и къуршхэм нэс Европэм щыпсэуну зэрыхуейр. ИужькІэ сэ нэхъ жыжьэІуэ сыІэбащ - Къуэкіыпіэ Жыжьэм нэскІэ. Абы къикІыр ди зэпыщІэныгъэхэм зедгъэкъуэдиин зэрыхуей къудейщ.

- Мюнхен щыжыпІахэм ухущІегъуэжакъэ?

- Хьэуэ, сыхущІегъуэжакъым. Абы щыгъуэм сэ жысІахэм иджы псоми къытрагъэзэж. Псальэм и хьэтыркІэ, Германием и унафэщІхэм. Абы щыгъуэм сэ къысхуэгубжьыр. Ауэ сытыт сэ апхуэдизу сигу темыхуар? США-м дуней псор и бжьыпэм щІигъэувэну ищІа мурадыр зэрызмыдэрт. Дэтхэнэ къэралми езым и закъуэ и сэбэп зыхэлъхэм ятрищІыхь хъунукъым дунейпсо Іуэхуэхэр.

- Арщхьэкіэ дэ дбгъэдэкІуэт хъуащ нэхъ ди гъунэгъу дыдэ къэралхэри.

- Сэ апхуэдэу къэслъытэркъым. Хэт дбгъэдэкІуэтыр?

Еплъ Куржым. Ахэр дбгъэдэкІуэтакъым, лъэныкъуэкІэ щыІыщ. ИкІи мыбы дэ ди ягъэ хэлъкъым. Псори зи зэраныр Саакашвили Михаилщ.

- Ауэ ар куэд щІауэ тетыжкъым.

- Темытыжми, къежьихь, зыгуэрхэм кхрахуэкІыж хуэдэу. Ар президенту щыщытам жесІахэр ищІэжу къыщІэкІынщ. Сэ абы селъэІуащ: «КъэдаІуэ, Тхъэм щхьэкІэ Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ егъэщІылІа Іуэхуэхэр къаурыкІэ зэфІэпхыну яужь уимыхьэ». «Хьэуэ, сэ апхуэдэ зэи сщІэнкъым!» - къызитыжащ жэуап икІи хэпкІащ. Іуэхур зэриухар долъагъу.

● Ар зэрыщытар

Горбачёвым и щыуагъэхэр

Гъатхэпэр тхыдэм щыщ напэкІуэцІхэмкІэ къулейщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар егъэщІылІащ тпэжыжьэу щымыт блэкІа илъэсхэми. Псальэм папщІэ, гъатхэпэ маазм хиубыда политикэ къэхъуэрэ тІуащІэ диІэщ зыми тщымыгъупщэжауэ.

1985 гъэм гъатхэпэм и 11-м Горбачёв Михаил Сергей и къуэр КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэу хахащ, иужькІэ, 1990 гъэм гъатхэпэм и 15-м, ардыдэр Совет Союзым и Президенту къыщІидзыжащ.

Зыр гуауэщ, адрейр дыхэшхэщ. Ауэ ахэр сыт хуэдэми зэхиГэкІын хуейщ дэтхэнэми. А зэманым екІуэкІахэр телъыджащ. 1985 гъэм и гъатхэм Партым и ЦК-м и Политбюром хэтхэм ящыщу нэхъ тщІэшхэу зиІэ Громыко Андрей къыхильхьащ Горбачёв Михаил партым и унафэщІ нэхъыщхьэу хахыну. Абы къигъэзэгъуащ зэхъуэкІыныгъэ языныкъуэхэм фІым уаэзрыхуимышэр. Пэжщ, Горбачёв щІэлэг (абы щыгъуэм и ныбжьыр илъэс 50-м зэрыщІигъуа щыІэтэкъым), жыджэрт, тхыльымпІэхэр имыІыгъыу къэпсалъэрт, кІэщІу жьпІэмэ, еш ищІэртэкъым. И щхьэгъусэр щІыгъуу къиІуэкІыжьащ: ІэфІт. - Иджы зэраІуэтэжьмкІэ, ар езым и щьэгъусэ Раисэ и жьпІэм куэдкІэ щІэтащ. Абдеж кьыщежьащ къыщІэкІынущ лъабжьэ гуэри зимыІэ зэхъуэкІыныгъэхэри. Псом япэу техъущІыхьу щІадзащ ди блэкІаХэм, лъапІэныгъэ зиІэ ныбжьыдэкІуэхэм. Ауэ апхуэдизкІэ щІагъуэу зэримыуэрыр блэкІа лъэхъэнэхэми къагъэлъагъуат. Горбачёв зыхуІэкІэчур зыт: и властыр игъэбыдэнырт. Илъэс зытхухьм абы зэрихьэкІащ и блыгущІэт псори - КПСС-м и ЦК-м и Политбюром хэтхэр къанэ щІагъуэ щымыІэу. Ардыдэмкіэ и гугъащ и властыригъэбыдэну, арщхьэкІэ... Мыпхуэдизкэм деж зэрыхъу хабзэщи, лъэпощхьэпохэр къыкъуэкІащ. Горбачёв и ныкъуэкъуэгу ери хъуащ езым Іэщ1экІа щыуагъэхэмкІэ къэралым пщІэшхуэ щызыгъуэта Ельцин Борис. А зэпэщІэтыныгъэр апхуэдизу куу хъуати, тІуми къаІэпІэкъуэкІыртэкъым ди кІэрал абрагъуэм и сэбэп зыхэлъхэр. ТІури зыхущІэкъур властырт: зым къызыхуигъэнэну, адрейм иубыдыну. Зэрытлъагъущи, а зэпэщІэтыныгъэр гуаэхэкІэ иухащ: къэралыр лъэпІэжащ, щыІэу мелуанкэр насыпышэ хъуащ.

Абы къыдэкІуэу къыхэдгъэщІын хуейщ 1985 гъэм псэуа совет щІыхэмрэ иджы псэу урысей щІыхэмрэ я зэхуакум зэщцхэщцкІыныгъэ ин зэрыдзлъыр: дэ хуабжьу нэхъ лъэрымыхь дыхъущ псэуныгъэ и лъэныкъуэкІэ. Сымаджэщхэм зыщыдгъэхъужьныкІэ, санаторэхэм зыщыдгъэпсэхуныкІэ щыІэ Іэмалхэм я гугъу тщІыхэнкъым.

СССР-м куэд щызэхъуэкІын хуейтэкъым, псом япэрауэ, ёрыскъыхэкІхэмрэ хъэшыпхэмкІэ тыкуэнхэр гъэнщІын, нэгъуэщІ къэралхэм я бжэхэр кІыхъэІухын къудейт, щхьэтечу жьпІэмэ, дызыхуэмей икІи ди гъащІэм зэран хуэхъу язынкъуэ щхьэусыгъуэхэр Іугъэкіуэтамэ, псори зэфІэкІынут.

Иджыри щыІэщ Горбачёв зыщІидза зэхъуэкІыныгъэхэм фІы къашауэ къэзылъытэхэр. Ауэ ахэр кІуэ пэтми нэхъ мащІэ мэхъу.

Ауэ сыт Горбачёв къигъэна Іуэжьыр зихуэдэр. Псом япэрауэ, абы езыр зыІэтэ КПСС-р Іэщ1ыб ищІри, зыхущІэкъуэхэмрэ зыщІэхъуэпсэхэмрэ тэмэму къызыгурымыІуэж щІыхэхэм ябгъуэрыващ. ЕтІуанэрауэ, Америкэм дэпІьейри, «президенту» зыхэригъэхащ. Белджылыт коммунист ухуэкІэ щыІар къуэтэжьыкуІэ езы Горбачёв хуащІ дзыхьри къызэрытІасхъэр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Горбачёв и щапхъэм ирикІуэнчэр иджыри щыІэщ. Арщхьэкіэ, ди насыпщи, ахэр утыкум зэкІэ хэкІыжьащ. Гъуэгу ягъуэтмэщ?

Зэман гъунэгъум ди къэралым ар къыпэплъэкъым. Ди насыпщи, дэ зэкІэ апхуэдэ дэтлъагъуркъым ди къэралым и Іэтащхьэ Путин Владимир. Къэкіуэнур зэманым зэригъэзэхунщ.

● Тхэквондо

Европэ зэхьэзэхуэм макІуэ

ТхэквондомкІэ Урысейм и чемпионатрэ зэхьэзэхуэрэ иджыблагъэ Сочэ къалэм щекІуэкІащ. Абы хэтащ я ныбжьым елъытауэ гупитхуу зэщхьэщыхэ, къэралым и щІыналъэ 38-м къикІа спортсмен 1100-м щІигъу.

«МАССОГИ» лІэужьыгъуэм щызэуа Багъэтыр Миленэ и хьэрхуэрэгъуэхэм зы Іэмали яритакъым икІи килограмм 30-м нэблагъэ зи хьэлъагъэм я деж дыщэ медалыр къыщихьащ.

Хъуэд Анжеликэ, килограмм 40-м нэблагъэхэм я гупым хэтар, финалкІэ ныкъуэ зэпэщІэтыныгъэм къыщыхагъэщІащ икІи къыІыысар ещанэ увыпІэрщ.

Иджыри зы домбеякъ медаль Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ кьыхэхам къыхуихьащ Теммоевэ Айданэ.

Спортсменхэр агъасэ Кан Юрий, Бэлагъы Іэдииху, Ри Кьенг Иль, Ри Чоль Джун сымэ.

Зэхьэзэхуэм къыщІигъэльэгъуэ зэфІэкІ лъагэм папщІэ Багъэтыр Миленэ ирагъэблагъащ мэлыжьыхьым и 20 - 26-хэм Прагэ щекІуэкІыну Европэм и чемпионатым.

МЭЗКУУ Къан.

● Бэнэкіэ хуит

Ди щІалэхэм я зэфІэкІ лъагэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменхэр щытекІуащ е къыщыхэжаныкІащ бэнэкІэ хуитымкІэ Мэзкуу къалэм и зэхьэзэхуэу иджыблагъэ екІуэкІам.

2003 - 2004 гъэхэм къалъхуахэм я зэпеуэм щыбэна гупхэм дыщэ медалхэр къыщахьащ Азэмэт Руслан (кг 42-рэ), ЖылаСэ Рустам (кг 48-рэ), Азэмэт Рустам (кг 55-рэ), Къыльышкъуэ Ислъам (кг 80).

ЕтІуанэ увыпІэр зыІэригъэхьащ Хэжь Аскэр. Къалэбатэ Абдул ещанэщ. ТІури килограмм 51-м нэблагъэ зи хьэлъагъэхэм я деж щыбэнащ.

Хъыджэбэ щыкІуэхэм я зэпеуэм дыжьын медалыр къыщихьащ Заркуаевэ Дианэ.

Ди республикэм щыщ щІалиц щытекІуащ бэнэкІэ хуитымкІэ илъэс 21-м зи ныбжьыр фІэмыкІахэм я зэхьэзэхуэм.

Хьэтэн Идар пашэныгъэр щиубыдащ зи хьэлъагъыр килограмм 61-м нэблагъэхэм я деж. Къэжэр Ислъамрэ (кг 61-рэ) Мэкъуэуэ Альбертрэ (кг 65-рэ) домбеякъ медалхэр кхахьащ.

Хьэмыкъуэ Чэрим (кг 65-рэ) ещанэ увыпІэр къыщихьащ бэнэкІэ хуитымкІэ Мэзкуу областым и зэхьэзэхуэм.

ЖЫЛАСЭ Замир.

«Ажалыр щащэр жыІэ!»

Гъатхэпэм и 16-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщІидзащ «Ажалыр щащэр жыІэ! урысейпсо акцэм и япэ Іыхьэм. Наркотикхэкіхэмрэ хуит ямыщІ пкъыгъуэхэмрэ хабзэм къемызэгъыу зэрагъэкІуэным пэщІэту ирагъэкІуэкІ Іуэхум къыхихьэхэр, ар къадэзыІыгъэхэр нэхъыбэ мэхъу.

КъБР-м щыІэ МВД-м Наркотикэр зэрызэрагъакІуэм кІэлъыплъыныкІэ и управленэм щызэхэтащ акцэр егъэкІуэкІыныкІэ штабым и зэІуэцІэ. Абы къырихьэлІащ республикэ МВД-м, КъБР-м щыІэ УФСИН-м, КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ, Узынщагъэр хъумэныкІэ, Щэнхабзэмкіэ, Граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэныкІэ лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ и министерствэхэм я лІыкІуэхэр.

ЗэІуцІэм щыжиІащ республикэм щыпсэухэм я деж профилактикэ Іуэхум зэрызыщиубгъур. 2019 гъэм акцэр щрагъэкІуэкІым КъБР-м щыІэ МВД-м, нэгъуэщІ ІэнатІэхэм къаІэрыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм къабгъэдэкІ хъыбар 270-рэ. Абыхэм япкъ иткІэ, наркотикхэр хабзэншагъэкІэ зезыгъэкІуэхэм ятеуха уголовнэ Іуэхуу 91-рэ къаІэтащ, административнэ хабзэр кьызэрызэпаудам папщІэ протокол 69-рэ ятхащ, псори зэхэту къытрахащ наркотикхэкІ килограмми 2-м нэблагъэ.

КъызэгъэпэщакІуэхэр щогугъ социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхум жылагъуэр жыдэжру хэтыну икІи гу лърагъэтэ дэтхэнэ хъыбарми мыхьэнэшхуэ зэриІэм.

«Ажалыр щащэр жыІэ!» урысейпсо акцэр ирагъэкІуэкІ хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зезыгъэкІуэхэм, медицинэ щхьэусыгъуэкІэ мыхъуу, нэгъуэщІкІэ къэзыгъэсэпхэм ятещІэтыным, мыхьэнэ зиІэ хъыбарыр и чэзум кьеІыхыным, узыфэ бзаджэм дыхьэхуэ абы и хъым къимыкІыжьыфхэм защІэгъэкъуэным теухуауэ.

Іуэхур екІуэкІынущ хущІатэпэм и 27 пщІондэ. Наркотикхэкіхэр хабзэм къемызэгъыу зэрызэрагъакІуэм теуха хъыбарыр ягъащІэ хъунущ сыт хуэдэ зэманми. Ахэр кьапщытэщ икІи гулъытэншэу зыри кьэнэнукъым.

Фыпсалъэ хъунущ «дзыхь зыхуащІ» мы телефонхэмкІэ:

КъБР-м щыІэ МВД-м - (8662) 49-50-62; (8662) 40-49-10 (дежурнэ частым); Урысейм и ФСИН-м и Іуэхущ1апІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ- (8662) 75-27-54; (8662) 77-93-89; КъБР-м Бгъэдэжьныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм - (8662) 42-28-23; КъБР-м Узынщагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и «Наркологие диспансер» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм - (8662) 44-17-83.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Дапщэщ захуагъэм гъуэгу щигъуэтынур?

● Гъащ1э

ЩІэпхъаджагъэми лэжьыгъэр яфІэкІуэдыкІэ зэрыхъунуми нэхърэ нэхъ Іейуэ щІыхуэр щоІыгъ ди псэукІэм хэлъ мызэхуагъэм. Сыт ар къызыхэкІыр? А уПщІэм, нэгъуэщІхэм жэуап ярет Москва финанс-юстицэ университетым социально-политикэмкІэ и институтым и унафэщІ Бузгалин Александр.

- ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэ Москалькова Татьянэ къыхихьэщащ социальнэ зэхуагъэм и хабзэр. Конституцэм и пэублэ Іыхьэм хъэхьэну. Ауэ, арыншами, абы къыщыгъэлъэгъуащ социальнэ къэралу. Сыт ар апхуэдэу щІыщытыр?

- Абы и щхьэусыгъуэр зыщ: къэралым и мылькур зезыгъакІуэр ЦІыхубэркъым, атІэ къуныкъущІэхэмрэ корпорацэхэмрэщ. Урысейм хэхъуэ зэхьыбэ дыдэ кьеІыгъуэ щІыщІагъэм щыщІащ къуІеигъэхэрщ. Ахэр ящІауэм имей хуэдэщ, арщхьакІэ компаниехэм рентэхэр ауэ жыжьэуи ирикъуу ятыркъым. КъахэкІ налогхэр зытрагъэкІуэдар жылагъуэр зыхуейзыхуэфІхэркъым, атІэ бюрократхэрщ.

Абы щыгъуэми, къуеиигъэр къэзыт Іэнатіэхэм лэжьакІуэхэм я улахуэхэр хуэдищэхэмкІэ, уеблэмэ хуэдэ минхэмкІэ щызэщцкІ. Ауэ абы къикІыркъым унафэхэр зыІэщІэлъхэр адрейхэм нэхърэ хуэдищэкІэ нэхъ гуащІафІэу е акъылыфІэу. Иджырей мелуанырыбжьхэхэмрэ меладырыбжьхэмрэ езыхэм я пэжжьакІуэхэр яхъунщІэ, Маркс и зэманхэм яхъунщІэу зэрыщытам хуэдэ дыдэу. Ауэ налогыу ятыр процент 13-щ, егъэджакІуэхэми хуэдэу.

- Статистикэм къитхэм ятепщІыхьмэ, нэхъ къулейсыз проценти 10-мрэ нэхъ къулей дыдэ проценти 10-мрэ я хэхъуэхэр хуэдэ 15 - 16-кІэ зэщцхьащІ. Иужь илъэситхум нэхъыбэж хъуэрэ макІуэ. Сыт ар къызыхэкІыр?

- Къулейсызхэм яфІэкІуэдащ нэхъыфІу псэунымкІэ яІа гугъапІэр. Курыт классым щыщхэр нэхъ къулейсыз, къулейхэр нэхъ бей хъуащ. Апхуэдэ щытыкІэр зыІыгъу цІыхухэр зэгуоп. Апхуэдизу улахуэшхуэр зрат менеджерхэмрэ нэхъыкъущІэхэмрэ зы ильэсым къэралым и экономикэм зы процентрэ ныкъуэрэ нэхъыбэкІэ зыхуегъэужьыфрынукъым. Лэжьыгъэм кьит хъеерыр щІэмихьэнэнщэм топсэлъыхьыф, ауэ абы езыхэм зрагъэІэтырыкъым. Реформэхэр щыхэхаублкІэ цІыхухэр кьыхуражэ ябгъэр щІакъуэну, ауэ езыхэм псэуалъэ дагъэхэр къащІэху. Зэвгъапщэт: Европэм щагъэуба пщалъэхэмкІэ нэхъ мащІэ дыдэ къэзылэжь цІыхухэм КъухьэпІэм налог щатыхкхэркъым. Норвегием кронэ 15067-мрэ е сом мини 110-рэ зы маазэм кьызыІэрыухэхэм 2020 гъэм налог ятыхахкъым, ауэ нэхъ хэхъуэшхуэ дыдэхэм я деж ар процент 40 - 60-м щынос.

- Ауэ зэхуэмыдэныгъэм зэпеуэ къешэ. ЦІыхухэр хущІокъу ищхьэкІэ дэкІуеиину. Ар Іей?

- Зыри егъэлеяуэ щытын хуейкъым. ЦІыхур къумым кьина хьэкІэхъухьэкІэ хуэдэу зыкІэ щхьэкІэ лІэн е шхэурэ зи ныбэр зэгуэуда хьэпІацІэм ещхь хуэн хуейкъым. Жьлагъэм уи лэжьыгъэм, уи акъылым кьыхуэІ пщІэр зыщ, арщхьэкІэ хьилагъэ зыхэлъ Іэмалхэмкіэ мылъкур зэпІъфэлэныр нэгъуэщІщ. Иужьрейм фІы къиШэрэкъым.

- Ар шынагъуэкъэ?

- ЦІыхухэм махуэ къэс ялъагу хьэпІэну къэблэжь улахуэкІэ кьулей зэрызмыльынур, псэуныгъэкІэ кьащхьэщыжьыни зэрамыІэр. Араущи, хьэзырщ къару лъэщым и жьауэм щІэувэну. ГуащІэрпсэум и пщІэр йохуэх. Национализмэр, фашизмэр, дин ткІийм тещІыхьа зэщІэхьеенныгъэр утыку кьихьэнымкІэ шынагъуэм хохъуэ.

- Ауэ зэхуэмыдэныгъэм зэпеуэ къэдгъэуеиргъэри. Утыкур зыубыда мелуанырыбжь куэдым ваганхэр яунэщІу щытащ я щІалэгъуэм.

- Либерализм жаІэну яфІэфІщ: кьулейсыз щІэкъым, щІыр щхьэхьнэхэрщ. АрщхьакІэ, илъэс 30 ипэкІэ цІыхухэм яІа Іэмалхэмрэ иджы яІэхэмрэ зэщхьэщокІ икІи ахэр зэщхь хьужьныкъым. Шэд Іуэвым хэхуа цІыхур кьелынкІэ гуІэпІэр мащІэ дыдэщ.

- Абы къыдэкІуэуи жаІэ: цІыхум бдзэжьей нэхърэ къунтхептмэ нэхъыфІщ, абы езым бдзэжьей къиубыдыжьынущ.

- Ари пцІыщ. Иджырей капитализмэр ятэрей дунейм хуэдэжкъым. Псыхэри абыхэм яхэс бдзэжьейхэри зэхуагуэшыжащ меладырыбжьхэмрэ къулькъущІэхэмрэ. Кьунтхри фІыуэ щытын хуейщ. Жигули ПорыскІэ таксиуэ цІыху кьепщэкІыну уэрамхэм удыхьэныр щхьэгъэпцІэжщ: мыбдеж ущІэн хуейщ сом мелуан нэхърэ мынэхъ пуд автомашинэ.

Ауэ, псом нэхърэ нэхъыщхьэр утыку уихьэн папщІэщІэныгъэфІ уиІэн зэрыуейрщ. 1980 - 1990 гъэхэм гъащІэм хьыкьахэр совет институтхэм щІэнэзу щеджащ. Нобэ Москва дэс кьулеижьым и бынымрэ къуэжэ гъхьэзым щыщ трактористым и кьуэмрэ яІэ Іэмалхэр пхуэзэгъэпщынукъым. ЦІыхухэм Іэмал иратын хуейщ пщІэншэу еджэну, дохутырхэр зыкІэлъыгъэплъыну, зыхуей игъуэту псэуну. А псори щыІэщ щІым кьыщІаш кьулеигъэ псори жылагъуэм щыхуэлажьэ икІи прогрессивнэ налогым щытет къэралхэм. Урысейр абыхэм ящыщкъым зэкІэ.

«Махуэкум» и кьыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар

ШАЛ Мухьэмэдщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ХьэфЫщІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖьэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и яІэ къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маргэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эныщдэж Заирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узынщагъэр хъумэныкІэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхутъуэхэм я пэжагъыкІэ ахэр зытхахэм нэсу жуэап яІ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епІыкІэр зэтеуэу зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзэхэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щыпхьащ ЦБР-м и цыхтрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокуэ Марьянэ,** *редакторыу* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Бещто Оксанэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзащ сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.152 ● Заказ №526